




# Pwogram Tinèl Dlo Metropoliten Konsekans Posib sou Distribisyon Dlo a

Avèk Pwogram Tinèl Dlo Metropoliten, Administrasyon Resous Dlo Massachusetts (Massachusetts Water Resources Authority, MWRA) pral konstwi de novo tinèl dlo ki pral fasilite yo repare vye sistèm tinèl dlo ki la deja san yo pa sispann sèvis la. Egzekisyon Pwogram nan pral sipòte kontinwite sekirite ak abondans distribisyon dlo nou.

Pifò nan konstwiksyon tinèl pral fèt anba sifas la, lè machin foraj tinèl la (tunnel boring machine, TBM) ap fouye nan wòch la jiska 400 pye anba tè a. Men, anpil **pui** pral konekte tinèl la avèk sifas. **Pui-lansman** yo ak **pui-resepsyon** yo ap pèmèt TBM antre ak soti nan tinèl la, alòske **pui-koneksyon** yo ap bay koneksyon enpòtan ant novo tinèl yo ak sistèm transmisyon dlo nou ki la deja epi ak kominote lokal nou sèvi yo.

Annakò avèk Lwa konsènan Règleman Massachusetts sou Anviwònman an (Massachusetts Environmental Policy Act, MEPA), MWRA te evalye avèk anpil prekosyon konsekans posib pwojè sa a sou anviwònman an. Fèy Enfòmasyon sa a bay yon deskripsiyon evalyasyon konsekans posib yo sou distribisyon dlo a ak resous dlo yo. Nou te bay konsiderasyon pou resous dlo, tankou pui piblik ak pui prive, sous irigasyon, ak etandi dlo sifas yo avèk aliyman tinèl yo epi sa pral yon faktè enpòtan pandan konstwiksyon tinèl la.

Yon kat konsepsyón aliyman tinèl la endike anba la a.



## ***Kisa ki te pase jiska prezan?***

MWRA te konsidere konsekans posib yo sou resous dlo yo lè nou t ap idantifye zòn ki pwopoze yo pou konstwiksyon an. Otank sa posib, nou te pozisyone pui yo deyò zòn distribisyon dlo a ak zòn pwoteksyon anba tè a. (Pou jwenn plis enfòmasyon sou chwa chantye, tanpri gade *Fèy Enfòmasyon sou Chwa Chantye Pui yo.*)

MWRA te evalye resous dlo yo ki toupre pui-lansman yo, pui-resepsyon yo ak pui-konekson yo toutolon longè tinèl la, nan yon sèten fason:

- **Resous dlo anba tè**, tankou pui dlo potab publik ak enfòmasyon ki disponib pou publik la sou pui prive yo; epi,
- **Etandi dlo sifas**, tankou rivyè yo, lak yo, wiso yo, marekaj yo ak letan yo.

Pa gen pui distribisyon dlo publik oswa distribisyon dlo sifas ki aktif toupre chantye pui-lansman yo, oswa pui-konekson yo.

De etandi dlo, Stony Brook Reservoir sèvi pou distribisyon dlo publik pou Vil Cambridge epi Rosemary Brook (wiso) sèvi pou distribisyon dlo publik Vilaj Wellesley. MWRA ap devlope kèk plan pou lòt kalite distribisyon dlo pandan konstwiksyon, si li nesesè. Lòt resous dlo ki nan zòn Pwogram nan, tankou Rivyè Charles, Clematis Brook (wiso), Lyman Pond (letan), Scarboro Pond (letan), ak Lak Hibiscus sèvi pou Iwazi sèlman epi poutèt sa yo pa bezwen lòt kalite estrateji limit nan mezi yo pou distribisyon dlo.

## ***Kisa ki pral pase pandan konstwiksyon an?***

Pandan konstwiksyon MWRA pral asire pui anba tè yo pwoteje nan konsekans yo ki gen rapò avèk konstwiksyon an. Nou pral fè yon apantaj ak envantè pui yo nan zòn pwojè a anvan konstwiksyon an pou nou detèmine nenpòt konsekans ki ka genyen sou resous sa yo pandan konstwiksyon an.

Pandan TBM ap avanse pidevan, fouy nan wòch la ka bese nivo dlo yo pou yon ti tan. Enjeksyon eleman woche ki gen dlo anvan fouy TBM, se yon etap dinamik ki ta redui pati dlo anba tè a epi diminye nèt konsekans bès nivo dlo anba tè a.

## ***Kisa ki pral pase after konstwiksyon an?***

Tinèl yo pral kouvari avèk beton oswa asye, yon fason pou pa ta prevwa konsekans pèmanan nan resous dlo yo apre konstwiksyon tinèl la fini oswa pandan tinèl la nan operasyon pidevan. Kontraktè a pral fè yon apantaj pui yo ki nan Pwogram nan anvan konstwiksyon an pou konfime pa gen konsekans pou anpil tan.

## ***Angajman pou Kontwòl Konsekans yo***

MWRA te devlope yon Plan pou Evènman ki pa Prevwa nan Distribisyon Dlo ki prezante sèten mezi pou diminye konsekans yo sizoka gen yon pwoblèm nan dlo anba tè, sitou ki konsantre sou nenpòt konsekans ki pa prevwa nan dlo potab oswa nan dlo irigasyon. Pou nenpòt konsekans konsa, MWRA ta bay itilizatè yo yon lòt kalite distribisyon dlo jiskaske sous dlo ki afekte nan konsekans yo kapab repare.

*Pou jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Tinèl Dlo Metropoliten tanpri ale sou sitwèb [www.mwra.com/mwtp.html](http://www.mwra.com/mwtp.html) oswa kontakte Ekip Kominikasyon nou nan adres imèl [tunnels.info@mwra.com](mailto:tunnels.info@mwra.com)*

